«ИТИБАР — 2024»

# БЕЛСЕНДИ ҲАЯЛ-ҚЫЗЛАР СЫЙЛЫҚЛАНДЫ

**Қарақалпақ мәмлекетлик жас тамашагөйлер театрында «Итибар — 2024» сыйлығын тапсырыўға арналған салтанатлы илаж өткерилди.**



Илажда Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығының орынбасары Р.Сапарбаев шығып сөйлеп, жыйналғанларды қутлықлады.

Атап өтилгениндей, бүгинги күнде елимизде ҳаял-қызларға болған итибар мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилген болып, усы тийкарда олардың жәмийетлик-сиясий турмысымызда белсендилиги артып, барлық тараўларда жоқары нәтийжелерге ерисип келмекте.

Соны да айрықша айтыў керек, соңғы жыллары ҳүрметли Президентимиздиң айрықша итибары менен ҳаял-қызларды қоллап-қуўатлаў бойынша илажлар даўам еттирилип, олардың бәнтлигин тәмийинлеў, исбилерменликке тартыў бағдарында көплеген жеңилликлер берилмекте, әсиресе, социаллық қорғаўға мүтәж ҳаял-қызларымыз материаллық ҳәм руўхый жақтан қоллап-қуўатланып келинбекте.

Өткерилген илажда елимиздиң социал-экономикалық ҳәм жәмийетлик-сиясий турмысында белсендилик көрсеткен, халқымыздың абадан турмысын тәмийинлеў жолында нәтийжели жумыс алып барып атырған ҳаял-қызларымыздың мийнетлери баҳаланып, оларға «Итибар — 2024» сыйлығы тапсырылды.

Сондай-ақ, «Жыл ҳаялы» ҳәм «Гендер теңлик белсендиси» таңлаўларының Қарақалпақстан Республикасы басқышының жеңимпазлары сыйлықланды.

— «Гендер теңлик белсендиси» миллий таңлаўының Қарақалпақстан басқышында гендер теңликти тәмийинлеўде ең белсенди район ҳәкимлиги номинациясында жеңимпаз болып табылдық,-дейди Шымбай районы ҳәкиминиң орынбасары Гүлзар Мәмбетниязова. — Сондай-ақ, «Ең белсенди ҳәким орынбасары» номинациясын да жеңип алыўға миясар болдық. Бул бизлерге үлкен қуўаныш бағышлап, алдағы ўақытлары еле де жигерли мийнет етиўге шақырады...

Илаж көркем өнер ҳәм мәдeният хызметкерлериниң атқарыўындағы концерт бағдарламасы менен даўам етти.

**Қарақалпақстан хабар агентлиги.**



# МЕКТЕП ИМАРАТЫ РЕКОНСТРУКЦИЯЛАНДЫ



Президентимиздиң 404-санлы қарары тийкарында «Социаллық ислеп шығарыў инфраструктурасын раўажландырыў» бағдарламасы ислеп шығылған болып, усы тийкарда республикамыздағы бир қатар социаллық объектлерде қурылыс-оңлаў жумыслары алып барылыўы белгиленген еди.

Шымбай районы, «Шахтемир» МПЖ аймағындағы 41-санлы улыўма билим бериў мектебинде 4,2 млрд. сум қаржы есабынан реконструкция жумыслары алып барылды.

# ИШИМЛИК СУЎ ТӘМИЙНАТЫ ЖАҚСЫЛАНДЫ

**Халқымызды таза ишимлик суўы менен тәмийинлеў бағдарында республикамызда бир қатар объектлерде қурылыс-оңлаў жумыслары әмелге асырылмақта.**



Атап айтқанда, Президентимиздиң 408-санлы қарары тийкарында халықты таза ишимлик суўы менен тәмийинлеў бағдарында Төрткүл районы, «Күна Түрткүл» АПЖ аймағындағы «Ш.Рашидов» суў объектин ҳәм де ишимлик суўы тармақларын реконструкциялаў белгиленген еди.

Объект бойынша 3,7 млрд. сум қаржы тийкарында қурылыс жумыслары жуўмағына жеткерилди ҳәм ишимлик суўы тәмийнаты жақсыланды.

**Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң мәлимлеме хызмети.**

БАС НЫЗАМДЫ ҮЙРЕНЕМИЗ!

# ЖАҢАЛАНҒАН КОНСТИТУЦИЯ — ИНСАН МӘПЛЕРИНИҢ ҚОРҒАНЫ

**Конституция — бул мәмлекеттиң сиясий, ҳуқықый ҳәм социаллық системасын қәлиплестириўши әҳмийетли ҳүжжет. Конституцияда мәмлекет уйымларының дүзилиси, ўәкилликлери, пуқаралардың ҳуқықлары, еркинликлери менен миннетлемелери белгиленген. Солай екен, Өзбекстан Республикасы Конституциясы — мәмлекеттиң тийкарғы нызамы болып есапланады.**

1992-жыл 8-декабрьде қабыл етилген Конституция республика тарийхында үлкен умытылмас ўақыя болып, елимиз ғәрезсизликке ерискеннен кейин ҳуқықый мәмлекет қурыўға бағдарланған исенимли қәдемлердиң тийкары болды.

Тийкарғы нызамымыз қабыл етилгенине, мине, арадан 32 жыл ўақыт өтти. Бул бир инсанның камалға келип, өмирден, жәмийеттен мүнәсип орын ийелеўинде шешиўши бир мәўрит болатуғын болса, тийкарғы нызамымыздың да жетилистирилиўинде халқымыз ушын бахытлы, абадан ҳәм пәраўан турмыс тийкарларын жаратыўда әҳмийетли дәўир болғанлығын атап өтиў орынлы.

Бәршемизге мәлим, 2023-жыл 30-апрельде улыўмахалықлық референдум болып өтти. Онда халқымыздың арзыў-нийетлери, қәлеўлери инабатқа алынған ҳалда таярланған жаңа редакциядағы Конституциямызды 90 проценттен зыят халқымыз жақлап даўыс берди. Конституцияның тексти илимпазлар ямаса қәнигелер тәрепинен хызмет ханаларында жазылмады. Ең дәслеп халқымыздың пикири, усыныслары еки басқышта үйренилди, соннан кейин Конституция жойбары таярланды. Алдынлары Конституцияны қабыл етиўде дәслеп жойбары ислеп шығылып, соңынан халықтың додалаўына қойылатуғын еди. Дәслеп биринши басқышта Конституцияның жойбарын қәлиплестириў ушын пуқараларымыздан 60 мыңнан зыят усыныс алынды, усы усыныслардың ҳәр төртеўинен биреўи жойбардан орын алды.

Нәтийжеде Конституциядағы статьялар саны 128ден 155ке, нормалар саны болса 275тен 434ке артты. Яғный, тийкарғы нызамымыздың 65 процент тексти халқымыздың усыныслары тийкарында жаңаланды, ондағы 160қа шамалас норманың тийкарынан, инсан мәплери ҳәм ҳуқықларын тәмийинлеўге қаратылғанлығы шын мәнисинде халық Конституциясы жаратылғанынан дерек береди. Себеби, онда «инсан — жәмийет — мәмлекет» баслы принцип етип белгиленди.

Бүгинги күнде инсан қәдир-қымбатын, оның ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерин тәмийинлеў идеясы мәмлекетимиздиң пүткил ишки ҳәм сыртқы сиясатының тырнақ тасына, жаңа Өзбекстанда алып барылып атырған демократиялық реформалардың ең әҳмийетли ҳәрекетлендириўши күши ҳәм бул ийгиликли ҳәрекетлерди өз-ара байланыстырып туратуғын әҳмийетли факторға айланды. Жаңа редакциядағы Өзбекстан Республикасы Конституциясында мәмлекеттиң социаллық тараўдағы миннетлемелерине байланыслы нормалар 3 есеге көбейди. Ең әҳмийетлиси, тийкарғы нызамымызда биринши мәрте «Өзбекстан — басқарыўдың республика түрине ийе болған суверен, демократиялық, ҳуқықый, социаллық ҳәм дүньялық мәмлекет» деген норма белгиленди. Бүгин шын мәнисинде тийкарғы нызамымыз ҳәр қандай жетискенликлеримиздиң тийкары десек, қәтелеспеген боламыз.

Жаңаланған Конституция халықшыл мәмлекет қурыў мақсетинде күшли парламент, ықшам ҳәм жуўапкерли ҳүкимет, ғәрезсиз ҳәм әдил суд системасын қурыўға қаратылған. Солай екен, мәмлекетимизде инсан мәплери жолындағы кең көлемли жаңаланыўлардың ең тийкарғы бағдары есапланған суд-ҳуқық системасындағы стратегиялық реформалардың нәтийжесин тәмийинлеўде жаңа редакциядағы Конституцияның норма ҳәм принциплери шешиўши әҳмийетке ийе. Жаңаланған Конституцияда суд ҳәкимиятына бағышланған айрықша XXIII баптың болыўы ҳәм оның 130-статьясында, Өзбекстан Республикасында нызам шығарыўшы ҳәм атқарыўшы ҳәкимияттан, сиясий партиялардан, пуқаралық жәмийетиниң басқа институтларынан ғәрезсиз жағдайда жумыс алып баратуғын суд ҳәкимиятының конституция дәрежесинде институционал механизмлерин белгилеп береди.

Тийкарғы Нызамымызда суд ҳәкимиятына бағышланған баптағы 11 статьяда 30дан зыят конституциялық норманың белгиленгенлиги де әҳмийетли. Бул судьялардың ғәрезсизлиги, әдил судлаў системасын демократияластырыўдың конституциялық тийкарлары нызам үстинлигин тәмийинлеўдиң ең тийкарғы шәртлери сыпатында беккемлениўине хызмет етеди.

Енди, жаңаланған тийкарғы нызамымызда орын алған Өзбекстан Республикасы Конституциялық суды ҳаққында да тоқталып өтетуғын болсақ, оның 132-статьясына да қосымша ҳәм өзгерислер киргизилген болып, Конституциялық судтың судьяларының ўәкиллик мүддети қайта сайланыў ҳуқықысыз он жыллық мүддетке сайланыўы белгилеп қойылды.

Жаңаланған тийкарғы нызамымызда орын алған және бир жаңалықлардан бири, булар Конституциялық судқа референдумға шығарылып атырған мәселелердиң Өзбекстан Республикасы Конституциясына муўапықлығы ҳаққында жуўмақ бериў ўәкиллиги берилди. Сондай-ақ, пуқаралар ҳәм юридикалық шахслар, егер суд арқалы қорғалыўдың басқа барлық қуралларынан пайдаланып болған болса, судта көрип шығылыўы тамамланған белгили исте суд тәрепинен өзине қарата қолланылған нызамның Конституцияға муўапықлығы ҳаққында шағым менен Өзбекстан Республикасы Конституциялық судына мүрәжат етиў ҳуқықы тийкарғы нызамымызда белгиленди.

Жуўмақлап айтқанымызда, жаңаланған Конституциямыз инсан, оның өмири, еркинлиги, абырайы ҳәм қәдир-қымбаты ең жоқарғы байлығы есапланатуғынлығынан келип шығып, инсаныйлық, демократиялық мәмлекетти, ашық ҳәм әдил жәмийетти жаратыўда ҳәзирги ҳәм келешек әўладлардың мүнәсип жәмийетте жасаўы ушын хызмет етиўине исенемиз.

**Рахат ИСМАЙЛОВ, Өзбекстан Республикасы Конституциялық суды судьясы.**

ИНСАН. ЖӘМИЙЕТ. НЫЗАМ

# АДАМ САЎДАСЫ ҲӘМ МӘЖБҮРИЙ МИЙНЕТТИҢ УНАМСЫЗ АҚЫБЕТЛЕРИ



Әсирдиң глобал машқалаларының бири болған адам саўдасы жынаяты оғада терең тамырласып баратырғаны ҳәр қандай ҳүкиметти, ҳәр қандай жәмийет ҳәм миллетти аўыр тәшўишке салмақта.

Инсанды «товар» есабында сатыў, мәжбүрий мийнетке тартыў, оның жумыс күшинен «тегин»ге пайдаланыў, ҳәр қандай жағдай менен ҳуқық ҳәм еркинликлерин шеклеў дин яки конституциялық нызам-қағыйдалар менен ақланбайды. Яғный, бул жынаятқа қарсы кескин гүресиледи.

Айтып өтетуғын болсақ, бүгинги күнде пүткил дүньяда инсанларды кемситиў, олардың ҳуқықларын тән алмаў, адам саўдасы сыяқлы жынаятлар көбейип атырғанлығы бәршемизди тәшўишке салмақта.

Буған мысал келтиретуғын болсақ, халықаралық экспертлердиң мағлыўматларына қарағанда, дүнья жүзинде ҳәр жылы 4,5 миллионнан артық адам адам саўдасы қурбаны болады. Ашынарлысы, олардың 1,2 миллионнан артығы балалар екен.

Бул бағдарда Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2023-жыл 21-декабрьдеги «Адам саўдасына ҳәм мәжбүрий мийнетке қарсы гүресиў системасын еле де жетилистириўге байланыслы қосымша илажлар ҳаққында»ғы пәрманы қабыл етилген еди.

Пәрманда көрсетилгениндей, ҳәзирги ўақытта адам саўдасына ҳәм мәжбүрий мийнеттен пайдаланыўға қарсы нәтийжели гүресиўге тосқынлық етип атырған бир қатар кери тәсирлер сақланып турғанлығын изертлеўлер көрсетип тур. Атап айтқанда, бириншиден, ўәкилликли уйымлардың жетекшилиги жетерли дәрежеде болмай атыр, ўәкилликли уйымлардың бирден-бир басшы астында жетерли дәрежедеги мәкемелераралық бирге ислесиўи жоқ. Екиншиден, усы бағдарда алып барылып атырған жумыслар ҳаққында қалыс ҳәм исенимли мағлыўматты кең жәмийетшиликке ҳәм халықаралық жәмийетшиликке жеткериў бойынша әмелге асырылып атырған илажлар уйғынластырылмаған. Үшиншиден, нызамшылық базасы халықаралық стандартларға муўапық емес, бул болса, адам саўдасына ҳәм мәжбүрий мийнетке байланыслы шахсларды нәтийжели излеў ҳәм жазалаўға тосқынлық етпекте делинеди.

Ҳүжжет пенен Адам саўдасына қарсы гүресиў бойынша республика мәкемелераралық комиссиясы Адам саўдасына ҳәм мәжбүрий мийнетке қарсы гүресиў Миллий комиссиясы етип қайта шөлкемлестирилди.

Миллий комиссия, яғный, республикалық атқарыўшы ҳәкимият уйымлары, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, мәмлекетлик емес коммерциялық емес ҳәм басқа да шөлкемлердиң адам саўдасына қарсы гүресиў, оннан жәбирленген шахсларды ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў, сондай-ақ, мүнәсип мийнет принциплерин, халықаралық мийнет стандартларын кең енгизиў, пуқаралардың мийнет ҳуқықларын қорғаў тараўындағы хызметин муўапықластырады.

Инсан ҳуқықларын кемситиўши ис-ҳәрекетлер, яғный, пуқараларды мәжбүрий мийнетке тартыў халықаралық жәмийетшилик тәрепинен унамсыз иллетлер қатарында айтылып, оларды сапластырыўға байланыслы бир қанша илажлар әмелге асырылып келинбекте. Бул бағдарда халықаралық бирге ислесиўдиң көриниси ретинде бир қатар халықаралық ҳүжжетлер қабыл етилди. Олардың ишинде Инсан ҳуқықлары халықаралық декларациясы, Пуқаралық ҳәм сиясий ҳуқықлар ҳаққындағы халықаралық пакт, Экономикалық, социаллық ҳәм мәдений ҳуқықлар ҳаққындағы ҳалықаралық пакт, Пуқаралық ҳәм сиясий ҳуқықлар ҳаққындағы ҳалықаралық пактке факультатив баянламалар ең абырайлы ҳәм универсал халықаралық ҳүжжетлер болып табылады.

Булардың универсал деп аталыўының себеби, оларда барлық мәселелер өзиниң толық дәрежедеги жуўабын ҳәм шешимин тапқан болып, ҳәр бир ҳүжжет узақ даўам еткен халықаралық додалаўлардан кейин қабыл етилгени, ҳәр бири өзинде дүнья жүзилик бай тәжирийбесин көрсеткени ҳәм ҳәр бири турақлы ҳүким етип келгени ушын да абырайлы.

Рети келгенде соны айрықша айтып өтиў керек, адам саўдасына қарсы гүресиў бойынша халықтың ҳәр қыйлы қатламлары, әсиресе, жаслар ҳәм жас өспирим шахсларға бул иллеттиң тыныш турмысымызға салатуғын қәўпи ҳәм кери тәсирлери ҳаққында түсиндириў жумысларын алып барыў тийкарғы ўазыйпаларымыздан бири.

Бүгинги күнде мәмлекетимизде пуқаралардың сырт мәмлекетлерде мийнет етиўи ушын барлық ҳуқықый тийкарлар жаратылған. Олардың емин-еркин қолайлы шараятта ҳәм мүнәсип хызмет ҳақы алыўын тәмийинлеў мақсетинде бир қанша имканиятлар менен қолайлылықлар жаратылмақта. Мине, усындай нызамлы имканиятлардан пайдаланыўдың орнына алдаўшылардың ҳәр қыйлы өтириклерине исенип қалып атырған адамлардың ис-ҳәрекетлерин ақлаў қыйын, әлбетте.

Бул өз гезегинде, жәмийетте ҳуқықый саўатлылықты еле де күшейтиў, нызамшылық үгит-нәсиятлаўды күшейтиў, ең баслысы, жаңа жумыс орынларын жаратыў арқалы халықтың бәнтлигин тәмийинлеўди талап етеди.

Жуўмақлап айтқанда, бүгинги күнде адам саўдасына қарсы гүресиў ҳәм бундай унамсыз ўақыялардың алдын алыў глобал әҳмийетке ийе болмақта. Барлық мәмлекетлердиң биргеликте жумыс алып барыўына зәрүрлик туўылып, бул бағдарда мәмлекетлераралық ҳәм халықаралық шөлкемлер шеңберинде өз-ара беккем бирге ислесиў орнатыў ҳәм күшлерди бирлестириў кереклигин талап етпекте. Бунда адам саўдасына қарсы гүресиўдиң халықаралық ҳәм миллий нызамшылық нормаларында нызамлы тәртипке салыныўы шахстың ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўдың нәтийжели усылы есапланады.

**Гүлмира АРЗИЕВА, Нөкис районлараралық экономикалық судының судьясы.**